АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№4 (10102)

РУЗМАН

2 февраль 2024 сон

22 РАДЖАБ 1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## «Блокадаялъул чед»

**1944 соналъул 27 январалда лъугIана Ленинград шагьаралъул 872 къойил блокада. Исана бана 80 сон советиял аскараз Ленинград шагьар тIубанго немцаздаса эркен гьабуралдаса.**







Гьелъ, санайил тIолго Россиялдаго гIадин, нилъер районалдаги ракIалде щвезарула блокадаялъул, гьеб бахъиялъул ва шагьар эркен гьабиялъул тарих.

Нилъер районалда тIобитIана ТIолгороссиялъул акция «Блокадаялъул чед». 27 январалъ ХIебда школалъул волонтераз школалъул кIалтIа бикьана чIегIераб чадил кесек ва блокадаялъул хъварал кагътал. Гьеб гIуцIарайлъун йикIана ХIебда школалъул тарихалъул мугIалим Месед Ибрагьимова. Тадбиралда тIобитIана цIалдохъабаз хIадурун букIараб Ленинградалъул блокадаялъул темаялде буссараб творчекияб выставка, бицана «Молодая гвардия» къокъаялъул гьунаразул, гьабуна викторина, рикIкIана кучIдул.

Районалъул школаздаги тIоритIана гьеб къоялде руссарал рагьарал дарсал. Рагъул заманалъул тарихиял лъаязул хIалбихьиялъе цIалдохъабазе гьаруна квестал. Гьединго бихьизабуна блокадаялъул хIакъалъулъ видео. Блокадаялъул чадил акциялъ цоги нухалъ ракIалде щвезабуна нилъер халкъалъул бахIарчилъи ва къо хIехьей.

Жакъасеб къоялъ цIилъун бачIараб нацизмгун нилъер гIолилал къеркьолеб заманалъ, цIакъго кIвар бугеллъун руго гьединал тадбирал. Наслабаз цIунун цебеса цебе кьезе хIажат буго нилъер халкъалъул бахIарчилъиги, къвакIиги.

**ГI. ХIАСАНОВА**

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Ахихъабазул данделъи

**31-леб январалъ райадминистрациялда тIобитIана районалда «Развитие горных территорий РД» программаялда гIахьаллъулел киналго ахихъабигун данделъи.**



Данделъиялде гIахьаллъизе щвана ДРялъул Минэкономразвитиялъул отделалъул нухмалъулев Магьди ГьитIинов, Дагъистаналъул ахихъабазул Союзалъул директор Сайдулла Орусханов, районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачев ва районалъул ахихъаби.

Данделъиялда цере лъурал асилиял суалаллъун рукIана росабалъ хIалтIи гьечIого ругел гIолилазе хIалтIаби чIезари, мугIрузда ахихъанлъи цебетIезаби, рехун тарал кулабазул ракьал ахазе хIалтIизари ва ахихъанлъиялдаса росабазул жамагIаталъ яшав гьаби. Данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачевас.

«ГIаммгьабун районалда ахазе хIалтIизабулеб буго 1750га ракьул. Гьезда гьоркьоса 400га буго 40-45 соналъ хIалтIизабулеблъун. Гьединлъидал, ахал гIолохъанлъизари буго цере лъурал масъалазул цояблъун. Ирсилаблъун ахихъанлъи щолеб Гьолокь росдал ахихъабаз, 30-35 соналде кьалбалгун цадахъ гъутIби нахъе рахъун, ах цIи гьабула, хасго гIечул ва куракул гъутIби. Амма гьебго бакIалда цIиял гъутIби чIезе бегьуларо, гьоркьоб 5 сонгIайги бачIого. Гьелъ нижеца ралагьула рехун тарал кулаби.

2022 соналъ хаслъихъе 12азарго гIанасеб гъветI чIун букIана районалда гьарурал цIиял ахазда. СогIаб хасел ккеялъ, рацIцIарал гъутIби цIорона. Гьедин ккечIого букIине, исана хIалтIи байбихьизе буго ихдал. «Развитие горных территорий РД» программаялда гIахьаллъулел руго 52 ахихъан», -ян баян кьуна ГьитIино МахIачевас.

Гьеб программаялда рекъон хасал кумекалъулал магIишатазе хIукуматалъул рахъалдаса бугеб кверчIваялъул бицана ДРялъул Минэкономразвитиялъул вакил Магьди ГьитIиновас.

Ахихъабазул Союзалъул агрономияб хъулухъалъул ругел ресазул ва кумекалъул бицун кIалъазе вахъана Дагъистаналъул ахихъабазул Союзалъул директор Сайдулла Орусханов.

ХIалбихьи бугел ахихъабаз махщел бикьана гIахьаллъаразе, дандрана кIвар бугел суалал ва бицана ихдал хIалтIаби байбихьиялъе гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТIАРАЛ ЦIАРАЛ

## МухIамадов ИсхIакъ МухIамадович

**Рагъулал лъугьа-бахъиназул майданалдаса цоги къваридаб хабар щвана районалде.**

**Хасаб рагъулаб операциялда хъулухъ тIубалев вукIарав Гьолокьа 32 сон барав гIолилав МухIамадов ИсхIакъ МухIамадович къадаралде щун вуго.**

**НИЖЕР БАЯН:**



*ИсхIакъ МухIамадов гьавуна 1991 соналъ Шамил районалъул Гьолокь росулъ. 1998-2009 саназ цIалана Гьолокь гьоркьохъеб школалда. Школа лъугIун хадуса автошколалда цIалана. Хадубккун армиялъулаб хъулухъ тIубазе ана. Контрактияб къотIи-къайги хъван, хIалтIизе лъугьана Ставрополалъул областалда Будденовск шагьаралда рагъулаб часталда. Контракталъул болжал лъугIаралдаса хадув гIагараб росулъе тIадвуссун вукIана.*

*2022 соналъул октябрь моцIалъ, мобилизация лъазабураб мехалъ, рагъулаб хъулухъ тIубазе Украинаялде аразул кьерда тIоцевесезулъ вукIана ИсхIакъ..*

*Гьаб соналъул 24 январалъ Украинаялъул Запорожский областалъул Работино поселокалда МухIамадов ИсхIакъ МухIамадович къадаралде щун вуго. Гьесул нахъе хутIана лъабго гIисинал лъимал .*

*Вукъана ИсхIакъ МухIамадов 30-леб январалъ гIагараб Гьолокь росулъ.*

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ИсхIакъил эбел-инсуда, хъизан-рукъалда ва тIолабго гIагарлъиялда.

ГIумруялъул бищунго гьайбатаб гIужалда нилъедаса ратIалъулел ругел гIолилал хутIила кидаго нилъер рекIелъ бахIарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хIехьезе сабру кьеги Аллагьас.

**Райадминистрация ва редакция**

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Блокада

27абилеб январалда тIолго улкаялда тIоритIана Ленинград шагьар эркен гьабуралдаса 80 сон тIубаялда хурхарал пашманлъиялъул байрамал. 872 сордо-къоялъ халат бахъараб Ленинград сверун кквеялъ, гIумруялдаса ратIалъана 600 азаргоялдаса 1 миллионалде гIунтIун советиял граждანал. Гьезул мухIканаб къадар жеги чIезабизе кIун гьечIо.

Бищун халатбахъараб къварилъи ва КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъулъ бищунго вахIшияб гьумер ккана ВатIаналдехун рокьи бихьизабиялъул, къуркьи гьечIолъиялъул ва бахIарчилъиялъул мисалллъун. Щибаб къоялъ ракъиялдаса, цIороялдаса, ругъназдаса, гIарадабаздаса холел рукIана аза-азар ленинградалъулал ва гьеб цIунарал аскарал. ВахIшиял гитлерилазул планазда рекъон, тIубан Ленинград ракьалдаса хъвагIазе кколеб букIана. Амма шагьар ва гьелъул гIадамал къеркьолел рукIана сундухъниги балагьичIого.

Блокадаялъул гIаламат - 125 грамм цIайи бугеб чадил лукъма букIана гIемерисезул тIубараб сордокъоялъул квен. Блокадаялъул нугIзабаз абула шагьаралда щибго рухIчIаголъи хутIун букIинчIилан, хIатта гъутIбузда тIамах базе кIолеб букIинчIин инсанасда букIараб ракъиялъул кутакалъилан.

«Заманалъ ругънал сах гьарула»-ян аби буго. Гьеб гьелде бачIинехъинги букIана «гучал» 90-абилел соназ. Гьеб заманалде гIадамасулъ лъугIун унеб букIана чилъи. БакътIерхьудаса рачIарал цIиял гIадатаз, телевизоралдаса рихьулел берцинаб гIумруялъул суратаз, гIун бачIунеб гIелалъул гIакълу сверизабун букIана. Рагъулаб хъулухъалдаса рахчи, ВатIан бокьунгутIиялде ахIи, улкаялда питна багъаризаби гIадал гIаламатал гIарцухъ росулел рукIана гьарзаго. Аллагьасго цIунана Дагъистанги, Дагъистаналдаса мисал босун тIолго Россияги щущан иналдаса. Инсанасулъ бергьана намус, рахьана ракI-ракIалъ гурони, гIарцуе гIоло ВатIан бокьи букIунарин чIарал церехъаби. Исана гьел лъугьабахъиназдаса тIубазе буго 25 сон.

Азарго сонилаб улка, Россия гIахьаллъана дунялалъул гIемерал тунка-гIусиязулъ. Гьел рукIинчIо ракьал рахъизеян гьарулел рагъал. Чанго нухалъ мерхьараб Европаялъул ракь гьенир гIумру гьабулел гIадамаздаса зулмуги нахъе босун гьенирго тана. Жакъасеб Россияги дунялалъул тIолго бакътIерхьулаб рахъги руго чвахулеб гIоралъул дандритIарал рагIаллъабазда. Жакъа гьабулеб пачалихъалъул политикаги битIизабун буго КIудияб ВатIанияб рагъда ккарал камиял ракIалдаса инчIого рукIиналъе гIоло.

Нилъер халкъалъул бахIарчияб тарих къинабизе бажаризехъин гьечIолъи бихьаниги, улкаялъул тушбабаз хIаракат бахъулеб букIана нилъер халкъ накабазда чIезабизе. Ургъана рикIкIен гIемерал санкциял, махIрум гьаруна спортсменал, артистал дунялалъул тадбиразда гIахьаллъиялдаса. Гьеб кинабго сабаблъун ккана улкаялъул жанисел тушбаби гIункIкIал киниги рахъ-рахъалде тIуриялъе. Амма даимго хутIана Ленинград шагьаралъул гIаламат, сундулъго ханлъун жиб бугеб ва жиндир адаб цIунизе кколеб чадил кесек. Гьабе чадил къимат чIахIияз ва гIисиназ.

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Рахьдал мацIалда кучIдул

**БатIи-батIиял тадбираз берцин гьабула цIалдохъанлъиялъул гIумру. Гьезда гьоркьоса цояблъун ккола, Дагъистаналъул авторазул асараздаса кучIдул рахьдал мацIалда рикIкIиналъул конкурс. Исана иргадулаб нухалъ гьеб конкурсалъул муниципалияб бутIа тIобитIана 23 январалда лъайкьеялъул управлениялда.**

Конкурсалда гIахьаллъана Гьолокь, ГIурада, КъахIиб, Лъахъ, ТIидиб ва ХIебда школазул 11-абилел классазул цIалдохъаби. Конкурсалъул мурад букIана лъималазулъ патриотизм щула гьаби, гIагараб ракьалда чIухIи бижизаби. Конкурсалъул гIахьалчагIаз бихьизабуна жиделъго бугеб артистизмги, кечI рикIкIине махщелги, авторасул рекIел хIал гIенеккаразухъе кьезе пагьму-гьунарги.

Конкурсалъул хIасилазда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Лъахъ школалъул цIалдохъан Абакарова П.Ш., кIиабилел бакIал щвана Гьолокь школалъул П.Г. Малачиевалъе, КъахIиб школалдаса М.А.Расуловасе ва ТIидиб школалъул цIалдохъан М.М. ГIисаевалъе, лъабабилел бакIал ГIурадаса Г.М. НурмухIамадовасе ва ХIебда школалдаса Х. ГIабдулаевалъе.



ТIоцебесеб бакI босарай Абакарова П.Ш. гIахьаллъизе йиго республикаялъулаб бутIаялда.

Давуд ДАВУДОВ



■ ЦЕНТРАЛЬНАЯ БИБЛИОТЕКА ИНФОРМИРУЕТ

## Новые книги, поступившие в Центральную библиотеку за 4 –кв.



### Детская литература

I К.Паустовский «Рассказы о животных»
2 В. Бианки «Синичкин календарь»
3 Хрестоматия для внеклассного чтения
4 Шапи Казиев «Горская азбука»
5 Энциклопедия «В мире животных»
6 Это Родина моя. Рассказы и стихи о России. Внеклассное чтение.
7 А.И.Куприн «Белый пудель» рассказы.
8 Л. Пантелеев «Рассказы о белочке и Тамарочке».
9 Д. Н. Мамин-Сибиряк «Серая шейка» сказки.
10 «Серая шейка». «Сказки русских писателей о животных»
11 С.Риха «Лесной календарь». Животные и растения круглый год.
12 Н.В. Гоголь «Ревизоры»
13 В.Осеева «Рассказы 1-4 классы»
14 К.Паустовский «Теплый хлеб». Сказки и рассказы.
15 К.Чуковский «Топтыгин и лиса»
16 «Идет коза рогатая»
17 «На чем мы едем?» Стишки лопотушки – болтушки
18 Арабский алфавит. Обучающие прописи раскрашивай и запоминай!
19 Поучительные истории для детей.
20 М.М. Зощенко. Рассказы 1-4 классы.
21 А.Раскин «Как папа был маленьким» внеклассное чтение.
22 Внеклассное чтение. «Стихи о войне и победе»
23 О. Корнеева «Частушки малышам».
24 Д.Барри «Питер пэн»
25 А.С. Пушкин сказки 1-4 классы.

### Дагестанская литература

Ф.ГIалиева «ГIумрудал гъотIодаса пихъил чIегь».
Р. Гамзатов «Родина горца»
ХасмухIамад-хIажи Абубакаров «Дир гIумруялъул хIасил».
З.МухIамадова «Ургъалие кьураб ракьул дуниял»
П.Чупанова «Дуе чучула дун, чи гьечIеб сордо».
М. Сулиманов «Огниялда».
Р.Гамзатов «Зов белых журавлей»
ТубхIат Зургъалова «Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго»
М.АхIмадов «Поэт»
ГIумарил Батирай «ШигIраби».
Ф.Алиева «Стихотворение 12 томах»
ГI. Шамхалов «КучIдул».

Желающие взять эти книги - приходите к нам в Центральную библиотеку с. Хебда. Нужную книгу, указанную в бюллетене, читатель может получить из филиала по месту жительства или затребовать ее из других библиотек центральной системы.

Библиограф МКУК МЦБ
Буйбулаева З.Г.

■ РОСАБАЗУЛ ГІУМРУ

# Ракьуб-Дагъбаш росабазул жамагІатаз нус-нус соназ нахъе тараб вацлъиялъулаб нух

Шамил районалъул Дагъбаш росу буго Ракьуб росдадасан 12 км тІадехун. Цебе нижер росдада цІарги букІана Ракьуб-Дагъбаш, гьелда цебе нусго соналъ нижер росдада цІар букІун буго ГьитІинаб ГІахьвахъ-абун.

Дагъбаш росдал цІар кІиго нухалъ хисун буго, ГьитІинаб ГІахьвахъ цІар гІахьвалазул обществоялда гьоркьор рукІиналъ. 1926 соналъ КъахІиб район гІуцІараб заманалда росдада цІар хисун буго Ракьуб-ГІахьвахъ абун.

1936 соналъ ДАССРалъул министерствоялъул Советалъ цо росдада кІиго цІар кин букІунеб абун, хІукму гьабун буго росдада цІидасан цІар хисизе, гьаб нухалъ цІар лъун буго Дагъбаш абун.

Дагъбаш рагІи магІарул мацІалда буссинабуни, гьеб кколеб буго Дагъистаналъул мугІрузул бетІер, хІисаб гьабураб заманалда гьедин кколебги буго. Росу умумуз бан буго борхатаб кьурда тІад 2300 метраялъул борхалъиялда. Росдада цебе буго Адалла-шухил мегІер 4150 метралъул борхалъи бугеб, гьеб магІарда тІад буго метеостанция, Советияб хІукуматалъул заманалда нижер росулъе гІемерал туристал рачІунаан. ТІаде рахъиндал, гьениб буго кІиго борхалъи - пик Ленина-пик Сталина, гьабсагІатги гьениб бугеб метеостанция хІалтІулебги буго.

Райцентралдаса Дагъбашалде буго 45 км манзил. Росу буго лъабго районалъул гІорхъода. Къилбаялъул рахъалдасан ЛъаратІа район, бакътІерхьул рахъалдасан ЦІумада район, шималияб рахъалдасан ГІахьвахъ район. Дагъбашалдасан Ракьубе буго 12 км. Ракьуб росулъан умумузул заманалдаго букІана гІадамал хьвадулеб сухъмахъ нух. КІиябго росдал гІорхъаби руго мухІканал, умумуз дандрараб, гьел разилъун чІезарурал гІорхъаби. Совет хІукумат ккезегІан кІиябго росулъ рукІинчІо автомашинадул нухал. Дагъбаш росулъе унеб сухъмахъ нух букІана Ракьуб росулъан, гьезул кулабаздасан, хурзабахъан 14 км манзилалда.

Ракьуб жамагІаталъул буго жидерго гІахьвалазул свери бугеб магІарулазда бичІчІизе захІматаб мацІ. Гьедин бугониги, нижер жамагІатазул умумузул букІана гьоболлъи, цоцазде божи бугеб гьудулгьалмагълъи. Ракьуб росдал жамагІаталъе рогьояб иш буго умумузул гьоболлъи хиси. Нус-нус соназ цІунараб гьеб, жакъаги цІунун буго кІиябго жамагІаталъ. Ракьуб-абураб цІарги бугилан аби буго гьеб жамагІаталъул гІемераб ракь мугІрул рохьал рукІиналъ.

Дагъбашалде автомашинадул нух бахъизегІан, Ракьуб росдада жанисан букІана нижер лъелго хьвадулеб нух. Гьоболасул бакІалда тезе кколаан ролъ, цІам, гІатІ ва гьеб гуреб цогидабги баччизе кІолареб къайи. Божилъи гьабун тараб къайи жидерго гІадин цІунун батула, гьобол гурев гьудулгьалмагъзабазухъги толаан къайи. Нижее бугеб къварилъи бихьун, регьекьдерил жамагІаталъ нижее кьуна Ракьусан 2 км гъоркьегІан бугеб бакІалда нижее къайи лъезе «гараж»-базе бакІ, гьениб бан букІана гІадамал сордо базе регизе рукъ, хІама-чу тезе бокьал, тукадул къайи лъезе рукъ. Гьеб гаражалда 15 соналъ гІумру гьабулел рукІана Ракьуса ГІисалмухІамадил ГІарип ва гьесул хъизан ГІарипил ПатІимат. Гьел жидер мунагьал чураяз нижее кІудияб адаб-хІурмат гьабулаан чи ватІа гьавичІого, нижер жамагІаталъ гьезие Алжан кьегиян дугІаги гьабула. Дагъбашалде автомашинадул нух бахъизе байбихьана 1961 соналъ. Дагъбашалде бахъулеб нухлул проект букІана Ракьуб жамагІаталъул ракьалдасан, гьезул кулабаздасан, бекьулеб ракьалдасан умумузул Дагъбашалде унеб сухъмахъ нух ккун 13 км манзилалда. Гьедин бугониги, гьез щибго дагІба-хабар гьабичІого разилъана нух бахъизе. Нус-нус соназ нижер жамагІатазул умумуз ирсалъе тараб, гьоболгьудуласул адаб-хІурмат гьаби, гьанжеги кІочон гьечІо.

КІиябго росдал жамагІат 1943 соналъ гочизарун рукІана Чачаналъе. 13 соналъ гІумру гьабизе ккана чияр ракьалда. Гьенир гІумру гьабулаго гІемерал гІадамал хвана, ракъи-къечалъ, бакъул унтабаз. Росабазул гІолохъаби ана фашистияб Германиялъулгун букІараб КІудияб ВатІанияб рагъде. Гьениб гІумру гьабулел рукІарал руччаби, херал ва лъималазул гІемер ками ккана, гьава бакъ рекъоларого.

1957 соналъ чачанал жидерго ВатІаналде тІад руссараб заманалда, нижер жамагІат тІад руссана жидерго ВатІаналде. Ниж тІад руссун рачІараб заманалда росаби чІунтун рукІана. ГІадамал жанир чІезе бегьулеб хІалалъ 5-6 гурони рукъ букІинчІо - ганчІил гъунал рукІана. КІиябго росулъ букІинчІо автомашинадул нух. ЦІидасан захІматги къоги хІехьон жанир чІезе минаби разе ккана.

Дагъбаш росдада аскІоб букІинчІо ва гьечІо накІкІил рохь. Минаялъе чІалаби, рахал, хъарщи хІадур гьабизе ине кколаан Ракьуб рохьоре, гьенисан 3-4 км манзилалда чуяз, оцаз цІан щолаан цІул. Гьелдеги регьекьдерил жамагІатаз кумек гьабун гурони, щибго квал-квал гьабичІо.

Дагъбаш росу цІидасан бан лъугІана 1963 соналъ, автомашинадул нух бахъун букІинчІолъиялъ, цІикІкІарал 60 гІанасеб магІишат нахъеги гочана Гъизилюрт районалъул Нечаевка росулъе. ГьабсагІаталъ гьениб гІумру гьабулеб буго 560 хозяйствоялъ. Гьедин росу кІийиде бикьана.

1962 соналъ байбихьана Дагъбашалде автомашинаялъул нух бахъизе проектно-сметный хІалтІаби гьаризе. Нух бахъулеб проект букІана Ракьуб росулъе щвелалде бугеб, тІоцебесеб Супуров ГІалил кьоялда аскІоб бугеб Дагъбашалъул гараж бугеб бакІалдасан, кваранаб рахъалдасан Ракьуб гІурухъан 10-15 метр борхалъудасан, регьекьдерил кулабахъан, хурзабахъан. Гьедин бугониги, гьез щибго дагІбахабар гьабичІого нух бахъизе байбихьана. Дагъбаш росдал Фрунзел колхозалъул счеталде гІарацги рехун, гьабуна 200м. автомашинадул нух.

1963 соналъ автомашинадул нух бахъизе гьоркьоб къотІизабуна. Колхоз убиточный бугилан, гІарац гьечІилан.

1968 соналъ Дагъбаш жамагІаталъ хІукму гьабуна Советский лесхозалъул подсобный хозяйствоялде колхозги бихьизабун, гьенире росеян гьарана ДАССРалъул рохьил магІишаталъул министерствоялда. Советский РП КПСС бюроялъул хІукмуялда рекъон, Дагъбаш колхозалъул магІишат Советский лесхозалъул подсобный хозяйствоялде гьоркьоре росана. Лесхозалъул подсобный хозяйствоялда гъорлъе лъугьунеб заманалда нижер букІана 2600 бетІер гІи-цІаназул, 210 бетІер чІегІерхІайваназул, гьелдаса бечІчІулеб гІака 86 бетІер,100 гектар бекьулеб ракьул ва Бабаюрт районалъул Мужукъаялда бугеб 100га ракьул хъутан.

Колхозалдаса ратІалъун рохьил магІишаталде лъугьиналъул аслияб гІилла букІана Дагъбашалде автомашинадул нух бахъизе рес букІин. Рохьил магІишаталъ щибаб соналъ 1 км. автомашинадул нух бахъулеб букІана рохьоб делянка бугеб бакІалде, цІул хІадурун нахъе босизе, гьедин гьабураб хІалтІиялъухъ щибаб моцІалъ гІарацги щолеб букІана. Рохьил магІишаталде нижеда цадахъ рукІана Ракьуб росдал подсобный хозяйствоги, цоцазда гьоркьоб социалистияб къец бан. Дагъбаш росдал жамагІаталъул гьариялда рекъон, ДАССРалъул рохьил магІишаталъул министерствоялъ, министр, мунагьал чураяв ГІабдулбасир ГІумаровичасул жигаралдалъун хІукму гьабуна рохьосан Дагъбашалде унеб нух бахъизе. Гьеб нухда буго гучаб рохь. Гьеб рохьоб делянкаги лъун, цІул хІадуризе. Гьеб хІукму къабул гьабуна нижер мунагьал чураяв, Алжан жиндие насиблъун батаяв Гьолокьа ГІисалмухІамадов МухІамадил чІаголъиялда. Гьаруна цІиял проектно-сметный документал, ДАССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун вукІараб заманалда гьесул жигаралда гьабун букІана программа «Горы». Гьениб гьоркьоб ккана Дагъбашалде гьабулеб автомашинадул нух. Дагъбаш росдал жамагІаталъул бугеб къварилъи бихьун, нижер гьариялдалъун, мунагьал чураяс тІаде босана Дагъбашалде автомашинадул нух бахъизе.

Дагъбашалде нух бахъиялъе проектно-сметный документал гьаризе жигараб хІалтІи гьабуна Ракьуса Советский лесхозалъул директорлъун хІалтІулев вукІарав Инковасов Ибрагьимицаги. Гьев директорлъун хІалтІулеб заманалда Советский лесхозалъе щвана СССРалъул рохьил магІишаталъул хьвадулеб багІараб байрахъ, гІи-боцІудасан щолеб продукциялда качество цІикІкІинабиялъул тІоцебесеб бакІ ккуна ва хІурматалъул грамотаги щвана.

Инковасов Ибрагьим 1968 соналдасан 1971 соналде щвезегІан хІалтІана рохьил магІишаталъул ветврачлъун.

1972 - 1984 соналде щвезегІан хІалтІана рохьил магІишаталъул директорлъун. Лесхозалъул директорлъун хІалтІулеб заманалда Инковасов Ибрагьимица Дагъбаш росулъ бана цІияб маданияталъул кІалгІа, гьединго росулъ ясли-ахги хІалтІулеб букІана, гьес тІад шифер ккураб, дояркаби жанир руссунеб, ункъго рукъ бугеб мина, Дагъбаш росулъе рачІунеб нухда КІудияб ВатІанияб рагъда тІагІарал гІолохъабазе памятник.

Гьесул бажариялдалъун тІалаб гьабуна хасалоде гІи-цІани хьихьулеб Шушановка абулеб бакІалда рохьоб хъутан. Щибаб къойил кІвар кьолеб букІана росулъе бахъулеб автомашинадул нухалде, гьединго Дагъбаш росулъе ток бачиналъеги.

Инковасов Ибрагьим 1987 соналъ тІамуна Совет райисполкомалъул росдал магІишаталъул управлениялъул нухмалъулевлъун, райисполкомасул председателасул заместительлъун. Советский райком КПССалъул бюроялъул членлъун вукІана 7 соналъ. Кив жив хІалтІулев вугониги Инковасовас живго вихьизавуна бажари бугев руководительлъун. Гьев живго вуго гІодов виччарав, гІадамазухъ гІенеккулев, жиндаса бажарараб кумек гьабизе хІадурав. Ахирисеб заманалда хІалтІулев вукІана Шамил районалъул херазул Советалъул председательлъунги.

1982 соналъул июнь моцІалъ байбихьана цІидасан автомашинадул нух бахъизе, гьеб нух бахъизе тІаде босана Советский ДРСУялъул начальниклъун хІалтІулев вукІарав мунагьал чураяв ГІисалмухІамадов МухІамадица, гьеб хІалтІулъ жигараб, щибаб къойилаб хІалтІи гьабулеб букІана жиндир мунагьал чураяв Багъужаласги.

Дагъбаш ва Ракьуб росдада гьоркьоб «Ацибакьи»- абулеб бакІалда бугеб кІиабилеб кьо бана.

Дагъбашалде бахъулеб нухда жигараб гІахьаллъи гьабуна Ракьуб росдал гІолохъабаз: жидер мунагьал чураял шоферзабилъун хІалтІулел рукІарал Махоев Ибрагьим, МатІомухІамадил Ибрагьим, Супуров ГьалугІил, ГІалиев МухІамадшапи ГьитІинав.

1982 -1995 саназ нух бахъи байбихьараб тІоцебесеб къоялдаса байбихьун, хІалтІи лъугІизегІан, нижер нухда бульдозеристлъун хІалтІана Мусаев ТІалхІат. Нижер жамагІаталъ гьесие гІумруги, черхалъе сахлъиги гьарула. Щибаб къоялъ жамагІаталъул ургъел букІунаан гьеб захІматаб хІалтІудасан гьесие квал-квал ккеладаян. Гьолокьа ГІисалмухІамадов МухІамад нахъе аралдаса хадуб, гьеб хІалтІи тІаде босана ХІасанов ХІажица, гьесулги кІудияб кумек щвана нижее.

1995 соналъул август моцІалъ Дагъбаш росдал рагІалда жамагІаталъул кІудияб рохел букІана, Нечаевкаялда ругелги, Ракьуб росдал гІолохъабиги ракІарараб данделъиялда.

Советский ДРСУялъул начальникас ва администрациялъул бетІер МухІамадов ИманшапигІицаги нух рагьиялъул багІараб лента къотІана. Гьеб къоялъ ХІасанов ХІажица абуна гьаб нух бугин автомашинаялъе проходка абун, тІадеялъе гІарац тІалаб гьабун щвани, росдада аскІоб бугеб кьоги базе бугин, нухалги гІатІид гьаризе ругин, гьелдаса нахъе ана 18 сон. ЩвечІо нижее кьоги, нухазул гІатІилъиги. Дагъбаш росдадасан 2км манзилалда бугеб 4 аб кьо базе рес кколарогоги бана 16 сон. Кир ниж гІарзахъданиги, кигІан гьараниги кумек щвечІо. ТІад ругел хІакимзабаздаги чІалгІунги рукІун ратила, тІокІаб сабаб букІинчІо Аллагьасул кумек щвеялда бугеб хьул гурони. Гьеб кьо базе рес щвана нижер росулъа предприниматель Малачиев ГІалиханил гІарацги кумекалъе щун, росдал гІолохъабазул кумекалдалъун бана цІияб кьо. КІиго моцІалдаса рарал хехал цІадаз, чІечІого бараб цІадалъ, кьодул щулалъиялъе рарал цементалъул къадал щущазаруна, Аллагьасул талихІалъ кьодул сакал ва щибго биххичІого хутІана. Гьебги жамагІаталъул гІолохъабазул кумекалдалъун къачІана. Дагъбаш росдал жамагІат рази буго Шамил районалъул бетІер ХІасанов МухІамадил нижедехун бугеб ракІбацІцІадаб бербалагьиялдаса. МухІамад цо чанго нухалъ щвана Дагъбаш росдал жамагІатгун дандчІвазе, дандрана нижер ругел къваригІелал. Росулъ токалъул хІубал хисизе кумек щвана, росулъ жанир рачІунел нухал гІатІид гьаруна, нухазул рагІалдасан хІинкъи гьечІеб хІалалда къедал рана. Дагъбашалде унеб автомашинадул нух гІатІид гьабизе проектно-сметный документалги гьарун, араб соналъ гьеб хІалтІи рагІалде бахъана. 6 км. бугеб кьо жагъал букІун, гьеб дагІагьана ва цІияб кьо бан лъугІана хаслихъе. Дагъбаш росдал бетІер ХІайбулаев ГІумархІажияв ккаралдаса нахъе абизе бегьула Дагъбаш росдал гьумер тІубанго хисанилан.

ГІумархІажияв росдал бетІерлъун ккаралдаса 5 соналде гьабуна жамагІаталда ва тІаде рачІаразда бихьулеб гІемераб хІалтІи. Гьанир рехсела цо-цо гьел хІужжаби:

1. Администрациялъул мина цІидасан къачІана.

2. КІудияб ВатІанияб рагъулъ гІахьаллъарал нахъ руссинчІел росдал гІолохъабазе мраморалъул плитаялда цІарал хъвараб памятник бана.

3. Росдал хобалал жанир гІи-боцІи гьукъизе щулияб сетка ккуна.

4. Росулъе лъим бачана, живго гІахьаллъун цІиял авалазде рокъо-рокъоб лъим бачана.

5. ЦІияб авалалда ругел гІадамазе токалъул цІияб трансформатор хисана.

6. Басрияб росулъги цІияб трансформатор лъуна, ва гьединго къватІаздаги чирахъал руго къаси-къаси къалъулел.

7. Росулъ зигара бан кверкьолеб рукъ бана.

8. Росулъ нагагь цІа ккани, лъим жаниб цІунулеб 5 тонна бугеб резервуар лъуна.

9. Дагъбаш микьго сонил школалда спортивияб комплекс гьабуна.

10. Дагъбаш школалда отопление гьабуна.

11. Росулъе бачана интернет, гьанже щибаб рокъоб хІалтІулеб буго.

12. ЦІияб лъел цІолеб къулгІа бана, гьединго батІаго боцІи гьекъолеб къулгІа бана.

13. Щибаб къойилаб кІвар кьолеб буго росулъ жанир рачІунел нухал гІатІид гьаризе. 120 метраялъ халатаб, 4-5 метраялъ борхатаб росдал рагІалдасан гъоркье унеб нух гІатІид гьабуна.

110 метраялъ халатаб, 4-5 метраялъ борхалъи бугеб, школалде унеб нухда гъоркьехун цементалъул къед гьабуна. Гьанир рехсечІого хутІарал хІалтІаби гьаризе ракІалда буго гьесда, гьесие сахлъи, гІумру кьейги, гьабураб хІалтІул кириги щвайги.

**Дагъбаш росдал херазул Советалъул председатель, райсобраниялъул депутат МУХІАМАДОВ Гъазилав.**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

# О действиях при пожаре

ОМВД России по Шамильскому району доводит до населения района, что с наступлением похолоданий и началом отопительного сезона отмечается резкий рост несчастных случаев, связанных с пожарами и отравлениями граждан угарным газом.

Основной причиной возникновения подобного рода происшествий является несоблюдение требований безопасности при установке в жилых домовладениях отопительных котлов, газовых колонок, неисправности электропроводки, использования несертифицированных или самодельных обогревательных приборов.

Только с начала текущего месяца на территории Республики Дагестан зафиксировано несколько подобных случаев, в результате чего есть пострадавшие от отравления угарным газом. В целях недопущения подобных происшествий, связанных с отравлениями граждан угарным газом и возникновением пожаров из-за неисправности обогревательного и газового оборудования, ОМВД России по Шамильскому району настоятельно рекомендует соблюдать меры безопасности при обращении с отопительными приборами и использовать соответствующие обогревательные приборы, исключить факты использования несертифицированных и неисправных обогревательных приборов, газовых колонок, отопительных котлов, самодельных обогревательных приборов.

**Алгоритм действий при пожаре**

1.Необходимо немедленно вызвать пожарную охрану по телефону "01", сообщив свой точный адрес, объект пожара и встретить пожарную охрану. Детям - если рядом есть взрослые, сразу позвать их на помощь; 2. Если горение только началось, вы его легко затушите водой, накроете толстым одеялом, покрывалом, забросаете песком, землей; 3. Ни в коем случае не тушить водой горящие электропроводку и электроприборы, находящиеся под напряжением-это опасно для жизни; 4. Если вы видите, что не сможете справиться с огнем, и пожар принимает угрожающие размеры, срочно покиньте помещение; 5.Никогда не прячьтесь в задымленном помещении в укромные места.

**Порядок вызова пожарной охраны**

Телефон пожарной охраны -"01" (со стационарного телефона), "101" или "01*" (с мобильного)

Телефон единой дежурной диспетчерской службы - "112"

Необходимо помнить, что правильное и полное сообщение о пожаре позволит пожарной охране предвидеть возможную обстановку и принять необходимые решения, дающие возможность в кратчайший срок сосредоточить у места пожара соответствующие силы и средства по его ликвидации. В дополнение к сведениям об объекте пожара и его адресе необходимо указать место возникновения, внешние признаки пожара, наличие угрозы людям, удобный проезд, а также сообщить свою фамилию.

Существует правило: вызывающий пожарных должен организовать их встречу и указать кратчайший путь следования на пожар.

Если пожар возник дома, возможно эвакуироваться придется в темноте и с другими трудностями. Выбираться из горящего помещения будет гораздо проще, если заранее спланировать и продумать свой путь эвакуации:

- убедитесь, что спланированный вами путь эвакуации не имеет препятствий, покрытие пола не имеет дефектов, о которые можно споткнуться;
- если имеются серьезные трудности с передвижением (инвалидность), желательно, чтобы ваша комната находилась на первом этаже или как можно ближе к выходу;
- в случае необходимости помощи при передвижении около кровати должно быть оповещающее устройство (звонок или телефон).

Многие пожары в жилье возникают ночью. Вот несколько простых вещей, которые необходимо делать каждый вечер, чтобы уберечь себя и свою семью от пожара:

- отключите все электроприборы, не предназначенные для постоянной работы;
- выключите все газовые приборы;
- убедитесь, что вами не оставлены тлеющие сигареты;
- отключите временные нагреватели;
- установите ограждение вокруг открытого огня (печи, камина).

**Признаки начинающегося пожара**

В жилых домах и подсобных постройках пожар может быстро охватить большую площадь только в тех случаях, когда в помещении воспламенятся пролитые горючие жидкости (например, падение на пол керогаза). В газифицированных домах это может иметь место при взрывообразной вспышке газа. Наличие запаха перегревшегося вещества и появление легкого, сначала едва заметного, а затем все более сгущающегося и действующего на глаза дыма - это первые верные признаки пожара. Электрические провода, постепенно нагреваясь при перегрузке, сначала "сигнализируют" об этом характерным запахом резины, а затем изоляция воспламеняется и горит или тлеет, поджигая расположенные рядом предметы. Одновременно с запахом резины может погаснуть свет или электрические лампы начнут гореть вполнакала, что иногда также является признаком назревающей опасности загорания изоляции электропроводов.

Когда в помещении, где начался пожар, имеется усиленная вентиляция (открыто окно, дверь на балкон), находящиеся в соседних комнатах люди иногда узнают о начавшемся пожаре не по дыму или запаху гари, а по потрескиванию горящего дерева, похожему на потрескивание горящих в печке сухих дров. Иногда слышен свистящий звук, могут быть видны отблески пламени.

О горении сажи в трубе иногда узнают по гудящему звуку, похожему на завывание ветра, и по смолистому запаху горящей сажи.

Знание признаков начинающегося пожара в жилом доме помогает своевременно обнаружить и принять меры к его ликвидации.

Обнаружив начинающийся пожар, необходимо в первую очередь возможно скорее уведомить об этом пожарную охрану. Следует иметь в виду, что чем скорее приедут пожарные, тем легче и с меньшим ущербом будет прекращен пожар. Пожарную команду нужно вызвать также при появлении даже небольшого количества дыма в доме, когда есть опасность возникновения пожара в недоступном для осмотра месте или если невозможно установить причину появления дыма.

Распространению пожара в жилом доме чаще всего могут способствовать вентиляционные каналы, окна и двери, через которые поступает свежий воздух, дающий дополнительный приток кислорода, способствующего развитию пожара. Вот почему не рекомендуется разбивать стекла в окнах горящего помещения и оставлять открытыми двери в соседние помещения.

Если пожар был замечен поздно и имеющихся огнетушащих средств недостаточно, нужно принять меры к тому, чтобы задержать распространение огня. Для этого необходимо по возможности плотно закрыть все двери, окна в помещении, где начался пожар. Заложить щели между полом и дверью можно мокрой тканью, перекрыть газ, отключить электроэнергию. Если дом или квартира заполняются дымом, дышать надо через мокрую ткань, а двигаться как можно ближе к полу (там меньше дыма). Прежде чем открыть закрытую дверь в горящем доме, дотроньтесь до нее обратной стороной ладони. Не открывайте ее, если вы почувствуете, что дверь теплая - за ней огонь.

Выбирайте как можно более безопасный путь эвакуации и постарайтесь не паниковать. Не пользуйтесь лифтами во время пожара. Спускайтесь только по лестницам. Никогда не бегите наугад. По прибытию пожарных полностью подчиняйтесь их командам.

А что делать, если огонь отрезал путь к выходу? Главное постарайтесь сохранить спокойствие. Уходите в дальнюю от горящего помещения комнату, плотно закрывая за собой все двери. Откройте окно и постарайтесь привлечь внимание прохожих криками о помощи. Услышав вас, они вызовут пожарную охрану.

**Что такое угарный газ?**

Распространено мнение, что утечку углекислого газа можно легко учуять и избежать опасности. В действительности это применимо разве что к многоквартирным домам. В тамошний газ добавляют одоранты — сильно пахнущие вещества. Их аромат настолько силен, что об утечке газа становится понятно даже при безвредной концентрации в помещении в 1% от объема комнаты.

«Тот углекислый газ, который выделяют дачные печи, камины и прочие газовые приборы, не имеет ни запаха, ни вкуса, ни цвета», — пояснил эксперт.

Углекислый газ появляется от тлеющего топлива. Он образуется в разных источниках:

Дымящаяся сигарета; Работающий двигатель автомобиля; Зажженная дачная печь или камин; Работающий водонагреватель; Работающий обогреватель и так далее.

**В чем опасность угарного газа?**

Угарный газ легко и быстро всасывается через легкие в кровь, попадая в которую, газ плотно связывается с гемоглобином, образуя губительное соединение — карбоксигемоглобин. Таким образом блокируется процесс доставки кислорода к органам и тканям. Страдают клетки головного мозга, расслабляя мышцы, человек просто не в состоянии пошевелиться. При отсутствии своевременной помощи пострадавшему грозит инфаркт, сердечная недостаточность, кома и летальный исход.

Если пострадавшему удалось избежать сильного поражения, восстановление может занимать месяцы, а то и годы. Около 30% пострадавших частично теряют память и мучаются головными болями.

**Степени отравления угарным газом:**

Легкая. При ней у человека болит и кружится голова, все это сопровождается тошнотой и рвотой. Уровень углекислого газа в крови не выше 0,7%. Карбоксигемоглобина не более 30%. В помещении следует открыть все окна и двери.

Средняя. При ней у человека начинаются галлюцинации, пульс учащается и повышается давление. Возможна потеря сознания. Углекислого газа в крови у пострадавшего не более 0,33%. Уровень карбоксигемоглобина не выше 40%.

Тяжелая. В случае тяжелой формы отравления угарным газом у человека начинаются судороги, снижается артериальное давление, дыхание-прерывистое. Без оказания помощи возможна кома. Уровень углекислого газа при этом в крови более 1,2%. Содержание карбоксигемоглобина достигает критических 50%.

**Как избежать отравления угарным газом?**

Во избежание отравления углекислым газом регулярно проверяйте исправность кухонных плит, печей и каминов. А также проветривайте комнаты перед сном. Ложась спать, оставляйте приоткрытым хотя бы одно окно, чтобы в помещение поступал свежий воздух.

Не находитесь в закрытом помещении с заведенным автомобилем и не жгите что-либо в замкнутом пространстве. Для удобства приобретите специальный датчик, сигнализирующий об избытке углекислого газа в помещении.

**Профилактика отравления угарным газом:**

Лучший способ защиты от отравления угарным газом - быть в курсе опасностей, а также определить приборы, которые могут выделять монооксид углерода. Важно быть в курсе признаков и симптомов отравления окисью углерода (СО). Следуйте советам по технике безопасности, чтобы помочь защитить себя в доме и на рабочем месте:

- никогда не используйте газовые печи или плиты для обогрева вашего дома;
- никогда не используйте негабаритную посуду на газовой плите, не размещайте фольгу вокруг горелок;
- убедитесь, что кухня - это хорошо проветриваемое помещение, не блокируйте вентиляционные отверстия;
- если ваш дом имеет двойное остекление, убедитесь, что все-таки есть достаточная циркуляция воздуха;
- не используйте газовое оборудование в доме, если можно избежать его. Делайте это только в хорошо проветриваемом помещении.
- не спите в комнате с работающим газовым прибором;
- установите вытяжной вентилятор в кухне, поддерживайте в должном состоянии дымовые трубы и дымоходы.

В случае отравления угарным газом следует оказать первую медицинскую помощь:

1. Остановить влияние угарного газа – при возможности вывести человека из зоны действия СО на свежий воздух, ликвидировать (перекрыть) поступление газа с соблюдением собственной безопасности.

2. Обеспечить доступ кислорода – открыть окна и двери, проверить проходимость дыхательных путей, расстегнуть тесную одежду и воротник, снять галстук и/или пояс. Если у человека нарушено сознание, повернуть его набок, такое положение тела пострадавшего препятствует западению языка.

3. Применение нашатырного спирта вернет пациента в сознание, растирание и холодные компрессы на грудь стимулируют кровообращение.

4. Если пострадавший в сознании, горячее питье (чай или кофе) помогает стабилизировать состояние – кофеин активизирует нервную систему и дыхание.

5. Если дыхание и пульс отсутствуют – провести элементарные реанимационные (оживляющие) действия – искусственное дыхание и непрямой массаж сердца.

Обязательно необходимо вызвать скорую помощь для квалифицированной оценки состояния пострадавшего и обеспечения комплексной терапии, оказать доступную помощь и обеспечения покой, а параллельно – позаботиться о собственной безопасности!

Будьте бдительны, берегите себя и своих близких.

**ОМВД России по Шамильскому району**


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**ТI. МухIамадов**
**ГI.ХIасанова**

**ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ**
**МухIамад ХIамзатов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электрониаб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес:**
**РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу**
**Имам Шамилил къватI 50**